

• BONJOU TOUT MOUN.

**• MÈSI DÈSKE NOU AVÈK MWEN
JODI A POU DÈNYE ENFÒMASYON
SOU TRAVAY KONTE MIAMI-DADE
POU PWOTEJE REZIDAN YO ANBA
PWOPAGASYON CORONAVIRUS LA**

**• JODI A, NOU AK PRAN AKSYON
SERYE KONT TOUT BIZNIS AK
REZIDAN KA PAP SWIV DEKRÈ
ETADIJANS YO.**

**• ÒDONANS AK AMANNMAN SA YO
DI KLÈMAN:**

**○ FÈMTI TOUT BIZNIS KI PA
ESANSYÈL, LOKAL KILTIRÈL PAK
AK MARINA.**

○

**○ APLIKASYON TOUT BON DISTANS
SOSYAL AVÈK OMWEN SIS (6) PYE
ANT MOUN NAN TOUT BIZNIS
ESANSYÈL, NAN TOUT LARI PIBLIK,**

**TWOTWA, ETABLISMAN AK ESPAS
NAN TOUT KONTE AN.**

○

○ **ENTÈDIKSYON TOUT
RASANBLEMAN PLIS PASE 10
MOUN NAN TOUT ZÒN PIBLIK.**

○

• **RÈGLEMAN SA YO KLÈ TANKOU
KRISTAL.**

▪ **SEPANDAN, MWEN PA SISPANN
TANDE KE NOU TOUJOU PA GEN
100 POUSAN KONFÒMITE.**

• **KIDONK, JODI A SE JOU AKSYON
NAN KONTE MIAMI-DADE.**

• **DEPATMAN LAPOLIS KONTE
MIAMI-DADE AK OFISYE
RANFÒSMAN KÒD YO PRAN LARI A
AN FÒS.**

- **YO VA BAY AVÈTISMAN EPI FÈMEN TOUT OFANSÈ RESIDIVIS.**
- **LAPOLIS MIAMI-DADE TE KOMINIKE AK OFISYÈL NAN VIL MIAMI AK LÒT VIL KI LA POU FÈ RESPEKTE LALWA YO POU RANFÒSE OTORITE LALWA.**
- **SA APLIKE POU TOUT ZÒN PLA A ANPÒTE NAN RESTORAN, FAMASI, BOUTIK, FAKTORI, SIT KONSTRIKSYON AK ESTASYON GAZ.**
- **KENBE DISTANS OU!**
- **SIS (6) PYE DISTANS ANT TOUT MOUN, SE PA YON SIGJESYON.**
- **KOUNYE A, SE LALWA!**

- **SA SE SÈL FASON POU KONTWOLE PWOPAGASYON COVID-19 LA.**
- **TOUT MOUN DWE AJI TANKOU YO ENFEKTE OSWA POTE VIRIS LA.**
- **SA ESPESYALMAN VRE POU TOUT MOUN KI SANTI YO BYEN EPI KI PANSE YO AN SEKIRITE.**
- **MOUN KI AN SANTE KI AP POTE JÈM LAN SE PI GWO DANJE POU KOMINOTE NOU YO, PASKE YO KA ENFEKTE LÒT MOUN SAN YO PA KINNEN.**
 - **KIDONK, TOUT MOUN KENBE DISTANS NOU!**
- **PANDAN ANREJISTREMAN SA AP FÈT, DEPATMAN LASANTE FLORID RAPÒTE 1467 KA COVID-19, 20 MÒ NAN TOUT ETA A. KONTE MIAMI-**

**DADE GEN 367 KA EPI BROWARD
GEN 312.**

- **MATEN AN, MWEN OUVÈ SIT POU
TÈS NAN MACHIN KONTE A NAN
MARLINS PARK POU GRANMOUN
AJE KI BEZWEN TÈS POU
CORONAVIRUS LA.**
- **SI W SE YON GRANMOUN AJE KI
GEN 65 LANE OSWA PLIS EPI W
GEN KÈK PWOBLÈM MEDIKAL
TANKOU MALADI KADYOVASKILÈ,
DYABÈT, PWOBLÈM RESPIRATWA,
OU DWE RELE 305-499-8767.**
- **M AP REPETE, NIMEWO POU W
RELE A SE 305-499-8767.**
- **SANTDAPÈL LA AP FÈ APEPRÈ 300
RANDEVOU POU JOU APRE A. YON
FWA TOUT RANDEVOU FIN PRAN,
SANTDAPÈL LA FÈMEN.**

- LI VA RELOUVRI A 9 A.M. CHAK JOU POU PRAN RANDEVOU POU JOU APRE A.
- TOUT MOUN KI GEN YON RANDEVOU DWE RIVE NAN MACHIN. OU PA KAPABAB MACHE ANTRE NAN SANT TÈS LA.
- *PIGA* VINI SAN W PA GAN YON RANDEVOU PASKE YO PAP OTORIZE W.
- GENYEN TOU YON SIT TÈS ETA A NAN HARDROCK STADIUM. NOU VA METE SANT TÈS POU REZIDAN KONTE MIAMI-DADE YO POU SIT NORTH DADE LA NAN SEMÈN LAN.
- TCHEKE [MIAMIDADE.GOV/CORONAVIRUS](https://miamidade.gov/coronavirus) POU MIZAJOU SOU NIMEWO

**TELEFÒN POU RELE AK TOUT
DEKRÈ ETA DIJANS YO.**

- **NOU KONTINYE AP CHÈCHE LÒT
SIT TÈS SOU VOLAN POU ASIRE
AKSÈ FASIL POU REZIDAN SOUTH
DADE AND WEST KENDALL YO.**
- **NOU ESPERE GEN 10000 TWOUS
POU FÈ TÈS ANPLIS KI VA UTILIZE
POU FÈ ETID DEMONGRAFIK
PWOPAGASYON VIRIS SA A NAN
KONTE NOU AN. NOU AP TRAVAY
AVÈK INIVÈSITE MIAMI SOU PWOJÈ
SA A, E MWEN VA GEN PLIS DETAY
POU OU NAN JOU KI AP VINI YO.**
- **LWA KI DEVAN KONGRÈ A PRÈSKE
PARE POU BAY SOULAJMAN POU
TRAVAYÈ AK TI BIZNIS.**
 - **MWEN GEN YON APÈL
KONFERANS APREMIDI AN AVÈK
CHANM KÒMÈS ZÈN
METWOPOLITÈN MIAMI AK**

**BEACON COUNCIL POU PASE SOU
DETAY NOU GENYEN JISKE LA YO.**

**NOU VA ETABLI YON BIWO KONTE POU
EDE TI BIZNIS NAVIGE ATRAVÈ
BIWOKRASI A.**

**MWEN AP MANDE BIZNIS YO POKO VOYE
TRAVAYÈ ALE PASKE YO KA PENALIZE W
EPI W PÈDI ASISTANS OU BEZWEN ANBA
NOUVO PAKÈ SOULAJMAN FEDERAL LA.**

**MWEN VLE ENSISTE ANKÒ POU TOUT
MOUN TA DWE PRAN RESPONASABILITE
PÈSONÈL YO POU RETE PWOPAGASYON
VIRIS SA A.**

**SE GRANMOUN AJE NOU YO KI PI AN
DANJE, E NOU KONTINYE EDE YO NAN
BAY MANJE A SA KI PA KA ALE NAN SANT
KOMINOTÈ KI FÈMEN KOUNYE A YO.**

**SI W SE YON GRANMOUN AJE KI PAT
RESEVWA MANJE, RELE 3-1-1 EPI NOU VA
POTE LI BA OU.**

**MWEN MANDE TOUT MOUN PRATIKE
DISTANS SOSYAL EPI YONFWA ANKÒ
POLIS NOU AN AP AJI JODI A.**

**PRAN SA O SERYE. SE SANTE KOMINOTE
NOU AN KI AN JE.**

**SE POU BONDYE BENI NOU TOUT NAN
KONTE MIAMI-DADE EPI EDE TOUT MOUN
ATRAVÈ LEMOND FÈ FAS A PANDEMI SA.**